# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# यहोशू क उत्तरदायित्व सम्हारल

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Ruth Klassen

कहानी 13 से 60

www.M1914.org

*Bible for Children*, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada

अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

Bhojpuri








केहु यरीहो की राजा के बतावल की शहर में जासूस आइल हउवन। उ अपनी सैनिकन के ओ लोग के खोजे खातिर भेजलन। राहाब की घर में पुरुषन क खोज जारी भइल, जहां उ रूकल रहलें। सैनिक ओकरी दरवाजा के बुरी तरह से पीटलें। राहाब जल्दी से ओ पुरुषन के कुछ पटुअन की नीचे छिपा दिहली।

3

जब सैनिक चल गोइलन तब राहाब लाल रंग की डोरी की मदद से पुरुषन के शहर की दीवार से बाहर सुरक्षित नीचे उतार दिहली। उ जासूसन क मदद काहें करत रहली? काँहे से कि उ जानत रहली कि परमेश्वर ओ लोगन की साथ रहलन। उ चाहत रहली की परमेश्वर उनकरी जीवन के बचा लेंव। जासूस लोग राहाब से वादा कइलन की उ लोग उनके अउर उनकी परिवार के बचा लीहन जा।



4

यरीहो में पहुंचला से पहिले, इस्राएलियन के वाचा की देश कनान की यरदन नदी के पार करे के रहे। लेकिन उहाँ कवनो पुल ना रहल! लोग कैसे पार करिहें?



5

परमेश्वर यहोशू से कहलें, याजक सैनिकन क नेतृत्व करें अउर लोग वाचा क सन्दूक ढ़ोवें जे में दस आज्ञा क समायोजन रहल। जब याजकन क पैर नदी की किनारे के छुवलस, परमेश्वर एगो चमत्कार कइलन। परमेश्वर पानी की बीच से एगो सूखल रास्ता बना दिहलन।



6

सब लोग सुरक्षित पार कइला की बाद, उ लोग नदी में बारह बड़े बड़े पत्थर रखलें अउर कनान नदी की तट पर अउर बारह बड़ पत्थरन के रखलें। ई उनकी लइकन के परमेश्वर की महान शक्ति अउर प्रेम की बारे में सीखवला की खातिर याद दियावे में मददगार होखे वाला रहल।



7



यरीहो मजबूत, मोट दीवारन मे से एगो रहल। जइसे ही यहोशू, अपनी हमला क योजना बनवलन; परमेश्वर उनकरी सेना की कप्तान के स्वर्ग से इस्राएल की नाया नेता के याद दियावे खातिर भेजलें कि परमेश्वर, अपनी लोगन की खातिर लड़ाई जीतीहन।

8



परमेश्वर यहोशू के यरीहो पर हमला करे के सिखवलन। इ एगो बहुत ही अजीब योजना रहल। परमेश्वर की लोगन के छः दिन तक शहर की चारों ओर दिन में एक बार चारो तरफ चक्कर लगावे के रहल अउर सातवा दिन के सात बार। तब उन लोगन के, तुरही फूँके के अउर चिल्लाये के रहल। अउर तब शहर के दीवार नीव से नीचे गिर जायी!

9

यहोशू अउर उनकर सेना वइसने कइलें जइसन परमेश्वर ओ लोगन के आज्ञा दिहले रहलन। शायद यरीहो नगर क लोग उन पर हंसले होइहन। लेकिन, सातवा दिन की सातवा चक्कर की बाद याजक लोग जब मेढ़ा के सींग *(तुरही)* के





बजवलें, तब परमेश्वर जइसन वादा कइले रहलन, वइसन भईल ... यरीहो क महान दीवार टूट के गिरे लागल!



10



ओ दीवारन में खाली राहाब क घर सुरक्षित रहल। उ अपनी खिड़की से लाल रंग क डोरी लटका के छोड़ दिहले रहली। जल्दी से, यहोशू अउर पुरुष लोग राहाब अउर उनकरा परिवार वालन के बचा लिहलें। परमेश्वर की आज्ञा की अनुसार यरीहो, नष्ट हो गोइल।

11

सत्यनिष्ठा से, यहोशू, यरीहो की सोना, चांदी अउर



खजाना के परमेश्वर की सेवा खातिर समर्पित कर दिहलन।
फिर उ ओ दुष्ट शहर क पुनर्निर्माण करे वाला पर भी एगो अभिशाप रख दिहलन। जल्दी ही कनान में सब लोगन के ई पता चल गइल की यहोशू यरीहो के कइसे हरवले हउवन। उ सब जान गोइलन की परमेश्वर ओ लोगन की संगे बाड़न।

12

यहोशू क उत्तरदायित्व सम्हारल

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से ई कहानी लीहल गइल बा

यहोशू 1-6

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !